

Prezidan Henry B. Eyring
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



Fanmi kapab ansanm pou tout tan

Pouvwa Prètriz la pou liye fanmi etènèlman an se youn nan pi gwo don Bondye. Chak moun ki konprann plan sali a vin gen gwo dezi pou jwenn benediksyon etènèl sa a. Se sèlman nan seremoni sèlman ki akonpli nan tanp konsakre Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo Bondye ofri pwomès ke fanmi kapab liye ansanm pou tout tan an.

Kle prètriz pou rann bagay sa a posib yo te retabli sou tè a palentèmdeyè Eli ki te pote yo bay Joseph Smith nan Tanp Kirtland nan. Kle prètriz sa yo transmèt pa mwayen yon liy dwat atravè pwofèt vivan yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo rive jiska jodia.

Nan ministè li nan mòtalite a, Sovè a te pale sou pouvwa pou sele fanmi yo nan pawòl li te di Pyè, ki sete Apot anchèf li, lè l te di: “An verite, m ap di ou: tout sa ou liye sou tè a ap liye nan syèl la: epi tout sa ou delye sou tè a ap delye nan syèl la” (Matye 18:18).

Se sèlman nan wayòm selès la nou kapab viv anfanmi pou tout tan. Nan kote sa a, nou kapab rete anfanmi nan prezans Papa nou ki nan Syèl la avèk Sovè a. Pwofèt Joseph Smith te dekri eksperyans ekstraòdinè sa a nan fason sa a nan Doktrin ak Alyans yo:

“Lè Sovè a parèt, n ap wè l jan l ye a. N ap wè li se yon moun tankou noumenm.

“Epi menm relasyon sosyal ki egziste pami nou isit la pral egziste pami nou nan lòtbò a, sèlman l ap double avèk laglwa etènèl, yon laglwa nou pa jwi kounyeya” (D&A 130:1–2).

Ekriti sa a sijere ke, avèk konfyans, nou kapab vize yon nivo selès nan relason nou genyen andedan fanmi nou. Nou kapab sousye tèlman pou manm fanmi nou, vivan ak mò, ke nou fè tout sa nou kapab pou ofri yo òdonans prètriz sa yo ki pral liye nou ansanm nan syèl la.

Gen anpil nan nou, jèn ak granmoun, k ap fè sa aktyèlman. Nou chèche non zansèt nou yo ki potko resevwa òdonans ki ka sele nou ansanm yo.

Prèske nou tout gen fanmi ki vivan ki pa sele an fanmi pa pouvwa prètriz la. Anpil nan nou gen fanmi ki vivan ki te resevwa òdonans prètriz yo men ki pa kenbe alyans yo te fè avèk Bondye yo. Bondye ap beni nou pou nou kapab ede nan lonje lamèn bay fanmi sa yo ak lafwa. Gen yon pwomès Senyè a te fè disp li ki chèche mennen lòt moun ba li yo:

“Epi nenpòt moun ki resevwa nou, m ap la tou, paske m prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou, epi zanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè” (D&A 84:88).

Nan fenèt biwo m nan, chak jou m wè mesye ak madanm marye k ap pran foto nan mitan bèl flè yo ak fontèn yo. Lemarye a souvan leve lamarye a nan bra li, omwen sou kèk grenn eskalye, pandan fotograf la ap pran foto maryaj yo. Chak fwa m wè sa, mwen panse ak kèk koup mwen te konnen ki yon lè—pafwa nan yon tan tou kout apre maryaj yo—te oblije youn pote lòt nan lòt fason lè lavi a te vin difisil. Nou ka pèdi travay.

Timoun gen dwa fèt avèk gwo pwoblèm. Maladi ka vini. Epi lè sa a, abitud pou nou fè pou lòt moun sa nou ta renmen yo fè pou nou yo —lè sa te pi fasil la—ap vin fè nou tounen ewo ak ewoyin nan moman eprèv sa yo lè sa mande plis pase nou te panse nou te genyen nan nou yo.

Se yon devwa pou nou bay fanmi nou kalite relasyon nou kapab pote ale nan prezans Bondye a. Nou dwe eseye pa ofanse lòt ni pa fache pou tout bagay. Nou ka pran detèminasyon pou nou padone byenvit e totalman. Nou ka eseye chèche bonè lòt la anwo pwòp bonè pa nou. Nou ka gen jantiyès nan pale nou. Si nou eseye fè tout bagay sa yo, n ap envite Sentespri a vin nan fanmi nou ak nan lavi nou.

Asirans mwen ba nou sèke, avèk èd Senyè a epi avèk kè repantan, nou ka gen yon apèsi nan lavi sa a sou kalite lavi nou vle genyen pou tout tan an. Pè Selès la renmen nou. Li vle pou nou retounen al jwenn ni. Sovè a, atravè pouvwa Ekspyasyon I lan, rann posib pou nou gen chanjman nan kè nou bezwen genyen an pou nou ka antre nan tanp sakre yo, pou nou ka fè alyans nou kapab kenbe nan apre, epi lè lè a rive, pou nou ka viv anfanmi pou tout tan nan laglwa selès la—lakay nou ankò.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Lè w ap pataje doktrin sou fanmi etènèl la, panse sou sa Èldè Richard G. Scott nan Kolèj Douz Apot yo te di a: “Toujou chèche pou nou fòtifye fanmi yo. Anseye avèk yon vizyon sou enpòtans sa genyen pou fanmi yo sele nan tanp lan. . . . Lè w gen vizyon òdonans sèlman nan tanp yo, w ap ka ede bati wayòm Bondye a sou tè a” (“I Have Given You an Example,” *Liahona*, Me 2014, 34). Kijan ou ka ede moun w ap anseye yo devlope yon vizyon sou enpòtans pou yo sele nan tanp lan? Envite moun ki poko sele yo pou yo pale sou etap yo ka pran pou prepare yo pou òdonans sa a. Envite sa ki deja sele yo pou yo pale sou fason yo ka kenbe vizyon fanmi etènèl yo te genyen an epi travay pou yo ka amelyore relasyon yo youn ak lòt.

JÈN YO

Etènèlman liye avèk fanmi mwen

Laura Burton

Lè yo te adopte m nan laj twazan, manman k te fè m nan te pèmèt adopsyon an te fèt sèlman sou kon-disyon pou paran m yo te dakò pou fè m fè òdonans legliz mwen yo jislè m gen douzan. Li te panse ke m t ap bezwen gran ase pou m te ka fè chwa pa m, men sa te reyèlman difisil pou mwen pou m te tann.

Wi, sa te rès lè m te wè anpil nan zanmi m yo ap batize lè yo te gen uitan, men sa k te pi rès toujou sete konnen ke m pa t ap kapab sele avèk fanmi adoptif mwen an ansanm ak senk gran frè ak sè m yo jiskaske m te gen douzan. Mwen te pè pou yon bagay pa t rive pou te vin anpeche m sele avèk yo.

Lè anivèsè m t ap pwoche pou m te gen douzan an, nou te kòmanse planifye pou batèm mwen ak sèlman avèk fanmi mwen. Paran m yo te kite chwazi nan ki tanp mwen te vle sele avèk yo. Mwen te toujou panse ke Tanp San Diego a nan Kalifòni sete tanp ki te pi bèl la, konsa tout fanmi m te dakò pou nou te kondui ale Kalifòni pou sèlman an.

Mwen pa t ka tann pou nou te vin yon fanmi etènèl avèk paran m yo ak frè ak sè m yo. Pandan sèlman an, m te santi Lespri a si fò ke sa difisil pou m eksplike. Kou-nyeya ke m finalman sele avèk fanmi m nan, santiman sousi m yo ranplase pa santiman rekonfò ak lapè, paske m konnen ke m liye etènèlman avèk yo kounyeya.

Où a ap viv Uta, nan Etazini.

TIMOUN YO

Gade tanp lan

Prezidan Eyring eksplike ke, gras ak prèttriz la, nou gen chans pou n al nan tanp pou nou sele ansanm avèk fanmi nou pou letènite. Fè desen oubyen chèche jwenn foto tanp ou pi renmen an epi mete l nan yon plas kote w ap wè li chak jou. Fè yon lis sou fason ou pral prepare pou al nan tanp yon jou.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Karakteristik divin Jezikri: Vèti

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan Li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaje yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a fè pati yon seri Mesaj Vizit nan Fwaje ki dekri kalite Sovè a genyen.

Se pou vèti gani panse ou san rete; apre sa konfyans w ap grandi anpil nan prezans Bondye; epi doktrin prètriz la ap koule nan nanm ou tankou lawouze ki soti nan syèl la heaven” (D&C 121:45).

Kisa vèti ye? Prezidan James E. Faust (1920–2007) te di: “Nan sans total li, vèti anglobe tout karakteristik ladwati k ap ede nou fòme karaktè nou.”¹ Prezidan Gordon B. Hinckley (1910–2008) ajoute: “Lanmou Bondye se rasin tout vèti, tout bonte, ak tout fòs karaktè.”²

Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Fi yo fèt avèk yon sèten vèti, yon don divin ki rann yo kapab enspire kalite tankou lafwa, kouraj, afinite, ak rafinman nan relasyon yo ak nan kilti yo. . . .

“Sè m yo, nan tout rapò nou, se relasyon nou avèk Bondye, Pè Selès nou an, ki se sous fòs moral nou an,

ke nou dwe toujou mete anpremye nan lavi nou. Sonje ke pouvwa Jezi te soti nan devouman san fay li pou soumèt anba volonte Papa a. . . . Efòse nou pou nou rete kalite disip sa a pou Papa a ak Pitit Gason an epi enfluyans nou pap janm febli.”³

Ekriti adisyonèl

Sòm 24:3–5; Filipyen 4:8; 2 Pyè 1:3–5; Alma 31:5; D&A 38:23–24

Nan Ekriti yo

Nan Lik 8 nou li konsènan yon fi ki te gen yon maladi: depi douzan li t ap pèdi san, epi li pa t kapab geri. Li te chèche gerizon tout kote epi lè l “pwoche pa dèyè {Kris la}, epi li te touch eke rad li. Epi latou, san an te [rete]. . . . Epi Jezi te di: Gen yon moun ki manyen m, paske mwen santi yon fòs⁴ soti sou mwen.” Fanm fidèl e plen lafwa sa a te lage kò l nan pye Jezi, li te rakonte “devan tout pèp la” poukisa “li te manyen l” epi “li te geri imedyatman. Epi

Jezi te di li: “Mafi, ale ak kè poze; se lafwa ou ki geri ou” (gade Lik 8:43–48; gade tou 6:17–19).

Gras avèk vèti Li,⁵ Kris la kapab geri, otorize, fòtifye, rekonfòte, ak akouraje nou lè nou chwazi pou nou lonje lamèn ba li avèk kouraj ak lafwa.

NÒT

1. James E. Faust, “The Virtues of Righteous Daughters of God,” *Liahona*, Me 2003, 108.
2. Gordon B. Hinckley, “Excerpts from Recent Addresses of President Gordon B. Hinckley,” *Ensign*, Avr. 1996, 73.
3. D. Todd Christofferson, “The Moral Force of Women,” *Liahona*, Nov. 2013, 29, 31.
4. Vèti gen pouvwa (gade Mark 5:30).
5. Nan Gid Ekriti yo, yo defini “Prètriz” kòm: “Otorite ak pouvwa Bondye bay lòm pou aji nan tout bagay pou sali lòm” (D&C 50:26–27).

Konsidere bagay sa a

Nan ki fason vèti ba nou pouvwa ak fòtifye nou?